

<p style="color: blue; font-weight: bold;">Angajman Paran ak Fanmi Tit I yo</p> <p style="color: red; font-weight: bold;">Lekòl Piblik nan Kanton Polk la</p> 	<h2 style="color: blue; margin: 0;">Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2018-2019</h2> <h3 style="color: blue; margin: 5px 0;">North Lakeland</h3> <h3 style="color: red; margin: 0;">Pake Kontra Lekòl pou Aprantisaj</h3> <p style="font-size: small; color: black; margin: 5px 0;">Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou BATI BON JAN RELASYON nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou chak timoun, chak fanmi, chak pwofesè, chak jou.</p>	
---	---	---

Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
Nivo Akademik Elve	<ul style="list-style-type: none"> Mete kontni ak enstriksyon kalite siperyè nan espas aprantisaj sipòtif, ki gen sekirite e ki efikas. 	<ul style="list-style-type: none"> Bay pitit ou yon lè ak yon espas lakay la chak jou pou l fè devwa li. Voye pitit ou lekòl regilyèman, alè, abiye ak inifòm li e dispozem pou l aprann. 	<ul style="list-style-type: none"> Vini lekòl regilye, alè e mete inifòm ou chak jou. Mande èd lè w bezwen klarifikasyon.
Kontwòl pwogrè Elèv yo	<ul style="list-style-type: none"> Itilize divès kalite metòd pou kontwòle pwogrè elèv yo: nòt yo, rezilta STAR yo, tcheke metriz yo, mo yo konnen epi tout evalyasyon distri a ak evalyasyon leta. 	<ul style="list-style-type: none"> Enskri pou sit pòtay paran yo e kontwòle pwogrè pitit ou. Siyen fèy rezilta bilten pitit ou ak rezilta pwogrè li yo e voye yo retounen lekòl la. Planifye rankont ak pwofesè pitit ou si w bezwen. 	<ul style="list-style-type: none"> Pote tout papyè, bilten w ak rezilta pwogrè w yo lakay ou e pataje yo ak fanmi ou.
Bon Jan Rapò Patisipasyon	<ul style="list-style-type: none"> Òganize aktivite akademik pou asosye ak paran yo pou yo ka ede pitit yo gen siksè. Envite paran yo vin ede kòm volontè e pou yo vin patisipe. Mete bwat pou moun fè sijasyon ak mwayen pou yo bay opinyon yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Kenbe enfòmasyon kontak ou yo tou nèt epi avèti lekòl la lè nimewo telefòn ou chanje. Vini nan yon rankont ak pwofesè pitit ou. Vini nan aktivite lekòl la yo. 	<ul style="list-style-type: none"> Pote kanè leson w ale retou ant pwofesè w e paran w/responsab ou. Gade kanè leson w nèt e pwòp.
Kominikasyon Rete Enfòmè	<ul style="list-style-type: none"> Kominike chak jou ak paran yo nan kanè leson elèv yo. Voye kay paran yo san pèdi tan fèy piblisite, jounal lekòl la, otokolan, etc. Fè rankont ak chak paran. 	<ul style="list-style-type: none"> Patisipe nan aktivite lekòl la yo. Vini nan rankont ak pwofesè pitit ou. Siyen kanè leson pitit ou chak jou. 	<ul style="list-style-type: none"> Pote kanè leson w ale retou ant pwofesè w e paran w/responsab ou. Remèt paran w/responsab ou kèlkeswa mesaj ekri lekòl la voye lakay ou.
Espas Aprantisaj	<ul style="list-style-type: none"> Angaje elèv yo nan opòtinite aprantisaj reyèl. Trete tout elèv yo avèk respè. 	<ul style="list-style-type: none"> Limite kantite tan pitit ou fè nan teknoloji e nan televizyon Ankouraje pitit ou pou l fè lekti chak jou 	<ul style="list-style-type: none"> Fè chwa konpòtman pozitif. Respekte lòt moun.

<p>Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipò Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.</p> <p>www.polk-fl.net/nle</p> <p>Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. (863) 499-2850</p>	<p style="color: red; font-weight: bold;">Vizite sit entènèt www.polk-fl.net pou enfòmasyon enpòtan:</p> <ul style="list-style-type: none"> Sit PARENT PORTAL: POU VOLONTÈ SANT PARAN YO KONDISYON LEKÒL FLORID YO EGZAMEN <p style="color: blue; font-size: small;">Aplikasyon pou manje nan ba pri/manje gratis: (Mo kle: Nutrition) oswa rele nan 534-0588</p>	<p style="color: red; font-weight: bold;">Paraf:</p> <p>Paran _____</p> <p>Elèv _____</p> <p>Pwofesè _____</p> <p style="text-align: center; margin-top: 20px;">Yo te debat pake kontra sa a nan dat _____.</p>
---	---	---

